

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa Oktòb rive Desanm 2016**

# 61

*Original en créole. Texte en français : voir pages 3, 13-19 et 21  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

## Lèt toulouvri pou tout Otorite sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se toujou apre bon jan analiz ak kalkil, Komisyon an ap prezante 61yèm rapò sou zak vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan 4triyèm trimès lane 2016.

Anviwònman sekirite nan zòn metwopolitèn nan toujou antoure ak yon pakèt reyalite ki montre kijan ensekirite a mare ak mak fabrik peyi n menm. Nan rapò sila a, Komisyon an etidye de (2) ka yon fason espesyal : asasinay brital ki te fèt sou polisye Rigaud CLAUDE CLERMOND, epi lamò yon timoun Durando ALEXANDRE, Kòm konsekans yon manifestasyon politik. De (2) ka yo montre aklè, men chak nan fason pa l, reskonsablite Leta genyen pou pwoteje tout moun nan peyi a, gason kou fi. Timoun yo k ap grandi nan mitan n merite yon atansyon espesyal. Nan menm epòk la, Komisyon an obsève plizyè sitiyasyon ki grav anpil, e ki montre aklè kondisyon ensekirite sitwayen ak sitwayèn yo ap viv nan peyi a.

Men ki sa nou te wè :

- Plizyè ajan polis tonbe nan atak bandi ak zam k ap sible yo;
- Enfliyans gang yo k ap opere toupatou avèk lisans enpinite ;
- Lajistis toujou pa ka pote yon repons efikas nan misyon li genyen pou sa ;
- Twoublay ak enstabilite politik k ap antere lapè nan sosyete a;
- Kretyen vivan k ap mouri youn apre lòt nan prizon, nan kondisyon ki pa fèt pou moun;
- Lopital piblik yo ki kontinye ap fè grèv, san yo pa konsidere moun ki pi pòv yo nan sosyete a ;
- Reyalite ak kondisyon sosyal pèp la ap viv, enkyete moun.

Travay pou chanje lavi moun tout bon nan tout sans se yon defi ki pa kapab pran tan nan peyi a, ijans yo anpil, se vre, men dwe gen angajman reyèl pou pote solisyon nan sitiyasyon difisil pèp la ap travèse. Enstitisyon yo se bousòl ak pi gwo poto mitan ki pou kenbe sosyete a solid. Mouvmman vyolans yo pran rasin akòz manke sèvis sosyal pou popilasyon an, akòz pakèt politisyen ki pa pran reskonsablite yo, akòz mank volonte ki pa genyen nan Leta pou reponn vrè bezwen pèp la genyen. Kesyon n ap poze, men li : si n pa bare vyolans lan, ki sa sosyete a ap devni anvan lontan ?

Komisyon Jistis ak Lapè detèmine pou akonpaye popilasyon an nan bezwen l pou dwa l respekte. Nou pa p sispann travay pou prensip aplike pou diyite moun respekte.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li deja ap di n mèsì pou bonjan atansyon n ap bay 61yèm rapò sila a.

## **Lettre ouverte aux Autorités civiles, judiciaires et policières du pays**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix et la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est après une bonne analyse et réflexion profonde qu'elle présente son 61<sup>ème</sup> rapport pour rendre compte ce qui s'est passé au cours du 4<sup>ème</sup> trimestre de 2016.

L'environnement sécuritaire de la zone métropolitaine est entouré d'un ensemble de réalités qui illustrent certaines particularités du pays. Dans ce rapport, la Commission présente deux cas pour la réflexion : l'assassinat crapuleux du policier Rigaud CLAUDE CLERMOND et de l'enfant Durando ALEXANDRE, lors d'une manifestation politique. Les deux cas illustrent de façon très différente la responsabilité de l'État pour protéger tous les hommes et femmes, surtout les enfants qui grandissent chez nous. Dans la même époque, la Commission a observé plusieurs situations graves qui illustrent le climat d'insécurité vécues par les citoyens et citoyennes de ce pays.

Voici ce que nous avons observé :

- Plusieurs agents de polices sont ciblés et trouvent la mort dans les attaques armées ;
- L'influence des gangs qui agissent en toute impunité, se fait ressentir un peu partout ;
- La Justice peine à apporter une réponse adéquate à sa mission ;
- Les troubles et l'instabilité politiques menacent la paix au sein de la société ;
- Des personnes humaines meurent en prison dans de conditions inhumaines ;
- Les hôpitaux publics continuent leur grève, sans s'occuper des plus pauvres de la société ;
- La condition sociale du peuple est inquiétante.

Travailler pour changer la vie des citoyens et citoyennes à tous les niveaux est un défi qui ne peut plus tarder ; les urgences sont nombreuses, mais, il faut un engagement réel pour apporter des solutions dans la situation difficile que traverse le peuple. Les institutions constituent un pilier important pour soutenir la société. Les mouvements de violence prennent leurs racines en grande partie dans le manque de services, l'irresponsabilité de bon nombre de politiciens et le manque de volonté de l'État de répondre aux besoins réels de la population. La question qu'on se pose est la suivante : Si on n'arrête pas la violence, qu'advientra la société dans un proche avenir ?

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix reste déterminée à accompagner la population dans ses besoins pour le respect de ses droits. Nous ne cessons pas de travailler pour l'application des principes qui garantissent la dignité de la personne humaine.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez au 61<sup>ème</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas Noël, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsong, Responsable d'observation

## Tablo mwa oktòb rive desanm 2016

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens ak anviwònman l

*Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince*

		Mwa oktòb <b>23</b> Viktim	Mwa novanm <b>41</b> viktim	Mwa desanm <b>33</b> Victim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		3	1	4
Fanm ki viktim		1	5	3
Timoun ki vietim		-	5	2
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		18	34	19
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>11</b>	<b>25</b>	<b>26</b>
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	1	1	
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis/ Ministah	2	3	1
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	-	3	3
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	8	18	22
Moun ki touye tèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>3</b>	<b>1</b>	-
Moun ki mouri nan aksidan		<b>8</b>	<b>7</b>	<b>4</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	<b>4</b>	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		<b>1</b>	<b>4</b>	<b>3</b>
<b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		1	1	1
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		5	13	2
Zòn Kafou		1	9	3
Gran Ravin ak Matisan		-	5	4
Petyonvil, wout Frè		5	2	7
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		2	5	2
Etikèt kidnapè/bandi		3	3	3

# **Analiz ak Kòmantè sou 61yèm rapò a Sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

## **Sa k atire atansyon n**

**Nan trimès oktòb rive desanm 2016, Komisyon JILAP dokimante 97 ka vyolans kote moun pèdi vi yo nan zòn metwopolitèn nan, 61 moun mouri ak bal. Nan mitan viktim sa yo : yo idantifye 8 fanm ak 7 timoun.**

**Enpresyon moun genyen se ensekirite bese, paske lanmò ak bal pa rive nan yon viktim chak jou. Nou fè sonje obsèvasyon JILAP pa reyisi dekouvri tout viktim ki genyen yo. Epitou, viktim ki mouri se yon sèl fason li ye sèlman pou n pale sou ensekirite. Nan rapò 59-60, nou te poze tèt nou kesyon sou rezon ki lakòz santiman ensekirite nan popilasyon an pa diminye vreman.**

**Plizyè polisye, 8 an total, viktim vyolans ki frape yo. Ki jan pou konprann sa? Nan 8 lòt ka toujou, yo fè n konnen se lapolis ki tire moun, oswa se nan afwontman ak lapolis viktim nan tonbe.**

**Nou rejistre tou 4 viktim ki mouri anba kout wòch ak zam blanch.**

**Pou menm epòk la, nou siyale toujou :**

- Grèv nan lopital jeneral ak nan lòt lopital piblik yo nan zòn metwopolitèn nan t ap kontinye. Nou pa p janm konnen konbyen moun ki viktim, ki pèdi vi yo, ki pa t jwenn swen kòrèk, paske yo pa t jwenn swen lopital, epi yo pa t kab peye sèvis nan yon lopital prive. Kalite grèv sa yo, kote menm pa gen yon sèvis ijans, se yon sitiyasyon ensekirite pou popilasyon an. Leta ki pa regle kalite pwoblèm sa yo ap vyole dwa moun serye.**
- Nan mwa desanm, laprès ak obsèvatè yo konstate pakèt detni ki malad nan dispansè Penitansye nasyon la.<sup>1</sup> Nan mwa desanm obsèvasyon yo fè konnen gen plis pase 250 detni nan dispansè enstitisyon an. Manke medsen anndan dispansè prizon an. Pakèt moun ki mouri, poutèt move kondisyon lavi anndan penitansye a ki pa fèt pou moun, se pa yon sekre pou pyès moun nan moman n ap pale a.**
- Menm si aksidan nan kapital la pa monte wo, kanmenm 19 moun mouri nan aksidan machin. Okontrè, nan menm epòk la, plizyè gwo aksidan te rive sou wout nasyonal nou yo. Komisyon an repete : kondisyon pou transfòme moun nan transpò piblik nan peyi a, ap vyole diyite ak dwa moun genyen.**

---

<sup>1</sup> *Le Nouvelliste*, 3-4 desanm 2017, ekri : « Pénitencier national : Les frais de fonctionnement bloqués depuis sept mois ».

- Nan mwa janvye 2017, MINISTA pibliye yon rapò sou jistis popilè depi lane 2012 rive 2015. Li siyale te genyen 483 ka li menm li te rejistre nan peryòd 4 lane sa a.
- Lapolis menm siyale 500 ka vyòl nan lane 2016. Yon ka ki revòlte konsyans moun anpil se yon vyòl kolektif sou yon tifi minè ki te fèt nan Petyonvil, epi otè yo pibliye zak yo sou rezo sosyal yo. Reyalite vyòl ak vyòl kolektif pa sispann nan sosyete nou an.

## Pou refleksyon n

Nou pwopoze analize de (2) ka an detay, pou gade ki kote responsablite yo ye. Defann dwa moun se poze kesyon responsablite yo. Yon fason espesyal nou gade responsablite otorite piblik yo ki dwe asire lavi ak byen chak sitwayen nan peyi a.

### Etid egzanp 1

#### Asasinay yon polisye, Rigaud CLAUDE CLERMONT, 24 lane

*Ki sa k te rive?*

Jou dimanch ki te 11 desanm 2016, yon gwoup bandi ki opere nan zòn Jivena, Kanape Vè, te antre lakay yon jèn polisye Rigaud CLAUDE CLERMONT, 24 lane, ki afekte nan komisarya Petyonvil depi kèk mwa. Yo asasinan l yon fason brital lè yo touye l ak kout manchèt devan je paran l yo. Zak sa a ki sovaj, se ta reyaksyon bandi yo sou arestasyon yon asosye yo ki rele Jean Hilaire LADOUCEUR, ki gen ti non l Lèlè. Lapolis Petyonvil te arete l, epi yo akize viktim nan paske li te patisipe nan arestasyon sila a.

Gen moun k ap akize majistra Petyonvil, mesye Dominique ST-ROC, ki, selon sa yo pretann, t ap fè demach pou yo lage Jean Hilaire LADOUCEUR. Papa viktim nan te fè yon seri akizasyon grav nan radyo, pa sèlman pou denonse pakèt pouwa gang yo genyen ki komèt zak yo san okenn moun pa twouble yo, men tou, pou akize kèk otorite, pami yo majistra Petyonvil la, ki konplis ak yo.

Analiz evènman an

Nan evènman an, plizyè pwèn atire atansyon n:

1. Polisye yo vilnerab nan kad travay yo;
2. Kèk otorite politik mele pou libere bandi yo ki nan prizon (detansyon);
3. Konsekans yo pou jan politisyen yo aji ak gang yo.

### *Polisyè yo vilnerab nan kad travay yo*

Polisyè yo an jeneral rankontre ak anpil difikilite nan travay yo: yo pa jwenn yon ankadreman ki pèmèt yo travay ak lespri yo poze. Souvan, yo viktim anba gang k ap atake yo ak zam, k ap opere ak fòs nan zòn yo k ap antoure zòn metwopolitèn nan. Yo konn viktim lè yo rantre lakay, ou byen nan kèk operasyon lapolis oubyen nan kèk konfwontasyon ki parèt konplike. Kondisyon sosyal polisyè yo tou fè l vilnerab: lè l sot nan travay li, li pa gen mwayen pou deplase, l ap tann transpò piblik la, konsa yo kapab sible li fasil. An n gade egzanp sila a:

*Jou ki samdi 10 desanm 2016, nan Taba 49, moun ak zam blije yon chofè kamyonèt pou l kanpe, san yo pa ezite bandi yo avanse nan direksyon yon pasaje, yon ajan lapolis, epi san yo pa ezite, yo touye l ak plizyè bal.*

Dimanch 11 desanm 2016, bandi yo t ap opere nan zòn Jivena Kanapevè, yo rive antre kay jèn polisyè Claude CLERMONT ki te gen 24 lane, k ap fonksyone nan komisarya Petyonvil depi kèk mwa, epi britalman yo touye l ak manchèt devan zye paran l.

Krim sa a bandi yo komèt la, vini tankou reyaksyon poutèt lapolis te arete yon parèy yo ki rele Jean Hilaire LADOUCEUR, ki pote ti non Lèlè, paske pou bandi sa yo viktim nan ta gen dwèt li tranpe nan mennen operasyon polisyè sila a.

Gen moun ki akize Majistra Petyonvil la, mesye Dominique ST-ROC, ki te gen tan entèveni pou fè libere Jean Hilaire LADOUCEUR. Papa viktim nan te denonse majistra a ak divès lòt bagay ankò nan plizyè radyo, li pale tou sou anpil pouwa gang yo genyen k ap opere kè poze, kote gen otorite ki nan konplis ak bandi yo.

### *Kèk otorite politik ap itilize pouwa yo pou libere bandi ki nan detansyon*

Plizyè pawòl pale sou moun ki nan kont ak Lajistis, lapolis arete yo. Epi kèk otorite ap pale anfavè yo pou fè libere yo nan prizon san okenn pwosè. Demele sa yo pa bon menm. Yo fè nou wè klè ki gwo danje moun san moral politik sa yo reprezante pou sosyete a.

Popilasyon an te akize majistra Petyonvil la nan sans sa a, paske sanble li te pale sou kesyon lage moun ki rele Jean Hilaire LADOUCEUR, ki gen ti non Lèlè, ki se yon chèf gang moun yo byen rekonèt. Apre liberasyon l, li menm ak gang li fè vanjans, lè yo touye polisyè a, sou pretèks li te patisipe nan arestasyon chèf gang lan.

### *Konsekans sou trètman politik gang yo*

Nou wè chak jou pi plis ki jan enstitisyon repiblikèn yo vin pi fèb, sitou enstitisyon Lajistis la. Zafè enpinite a, kote yo pa pini moun ki merite sanksyon, ap fè aktyalite nan 4 kwen peyi a. Sa se konsekans yon seri move dirijan ki t ap chèche tabli yon rejim pou pa pèdi pouwa. Mouvman gang yo se yon gwo menas li ye pou sitwayen yo pa pèdi libète yo. Reyalite sila a ap atake dwa ak diyite moun nan peyi a, sitou nan zòn metwopolitèn nan, kote kantite asasina yo enpòtan.

## Etid egzanzp 2

**Lanmò yon timoun, Durando ALEXANDRE, 13 lane, blese ak bal epi moun pile l, lè lapolis t ap gaye yon manifestasyon opozisyon politik la sou wout Delma**

*Ki sa k te pase*

Mèkredi 30 novanm 2016, yon manifestasyon opozisyon politik la pran wout Delma pou montre dezakò l ak rezilta eleksyon yo. Rive nan zòn kafou Delma 44, lapolis gaye manifestan yo ak gwo mwayen gaz lakrimojèn. Gen zam k ap tire bal, san moun pa konnen ki kote yo soti ak kilès k ap tire.<sup>2</sup> Se sèl lapolis ki gen dwa pote zam.

Se moman Durando ALEXANDRE, bò 3:00 PM ap travèse kafou a. Li sòti nan lekòl pawas Altagrass sou Delma pou ale lakay li. Ki sa k rive ojis ? Li pran bal, li tonbe atè, moun mache sou li ? Oswa nan bouskilad la li tonbe, li pran yon bal ? Manman l jwenn li atè pi ta nan yon enpas, toupre kafou a. Yo kouri lopital avè l.

*Grèv lopital*

Yon sekirite nan lopital Medsen San Fwontyè sou Delma 33, pa kite yo antre: paske gen twòp moun blese ki vini, blese nan manifestasyon ak kèk lòt aksidan tou. Y ale nan Lopital Lapè, ki an grèv, men gen yon ijans k ap travay. Bò 11 zè nan aswè yo retire bal la. Grèv la fè pa gen plis egzamen ki fèt. Se 48tè annapre, timoun nan vomi yon boul san kaye, epi li mouri menm lè a.

*Ensekirite nan yon klima politik enstab*

Klima enstabilite politik nan peyi a depi plizyè lane, se yon gwo sous ensekirite pou sitwayen ak sitwayèn yo. Plizyè moun viktim desizyon opozisyon politik pou pran lari nenpòt kote, nenpòt kilè ; lòt moun viktim lè lapolis ap gaye manifestasyon yo. Nan manifestasyon gen byen moun k ap detwi ; lè lapolis mele pou mete lòd, gen viktim ki pa sipòte gaz, plizyè timoun ak moun malad ap sibi movèz konsekans gaz lakrimojèn nan. Ki moun ki pote zam nan manifestasyon yo ? Eske genyen kontwòl sou sa ? Ki moun ki gen dwa pote zam nan moman sa yo ? Kilès k ap sèvi ak zam ? Nan ki objektif? Kilès k ap kontwole konpòtman moun k ap manifeste ak sa k vin pran woulib ?

Pati politik yo ki mete moun nan lari gen gwo responsablite pou yo kapab reponn ak konsekans yo devan sosyete a nan moman sa a. Dwe gen kontwòl sou konpòtman responsab yo ak òganizatè yo.

Lapolis tou dwe montre li konpetan epi li dwe aji yon fason pwofesyonèl nan evènman sa yo.

---

<sup>2</sup> *Le Nouvelliste* fè rapò sou manifestasyon sa a, ki te genyen anpil vyolans ladan l : Gade *Le Nouvelliste*, jedi 1 desanm 2016 : « *Une manifestation de Fanmi Lavalas émaillé d'actes de violence* ». Ni Pakè Pòtoprens, ni CEH (Konferans Evèk yo), ni Lapolis te reyaji sou klima vyolans ki te genyen. Gade *Le Nouvelliste*, samedi 3 desanm 2016 : « *La police reçoit l'ordre d'arrêter les manifestants violents* ».



Sitou timoun yo merite yon pwoteksyon espesyal nan moman sa yo. Kilès ki asire pwoteksyon sila a? Mwayen lapolis anplwaye pou gaye manifestasyon pa fè distenksyon ant granmoun ak timoun, ant moun k ap manifeste ak sa k ap pase. Sa fè reskonsablite lapolis vin pi delika.

### *Grèv lopital kreye ensekirite*

Grèv lopital fè swen moun malad ak sa k vin nan ijans pa fèt nèt kòm sa dwa. Medsen ak enfimyè ki nan sèvis la kab byen fè sa yo kapab, men yo pa pran tout prekosyon ki nesèsè nan chak ka. Nan ka n ap gade a, yon premye lopital pa t ka resevwa timoun ki blese a, lòt la t ap travay ak yon sèvis ijans nan yon sitiyasyon grèv ki te genyen nan lopital la.

### *Kilès ki reskonsab lanmò ti gason Durando ?*

- Eske se opozisyon politik la ki lanse manifestasyon, men ki pa kapab garanti konpòtman ak sekirite sa k patisipe ak sa k pa ladan yo, men ki pase ?
- Eske se Lapolis ki pa mezire fòs li pou gaye manifestan yo ? Ki kreye panik ak kouri san l pa bezwen rann li kont movèz konsekans yo ?
- Eske se manifestan ak moun k ap pase ki kite panik pran yo, ki lage timoun atè, epi ki pile l ?
- Eske se moun ki pa idantifye ki mache ak zam, tire wotè moun, san yo pa kontwole dega zam nan ap fè a? Eske gen woulibè k ap regle zafè pa yo, san yo pa bezwen rann kont?
- Eske se lopital yo ki pa travay ak tout kapasite pou reponn ijans yo ki parèt devan yo ?
- Eske se Leta ki pa pran mezi pou pwoteje pwòp timoun yo k ap grandi anndan sosyete a ?

Lamò brital Durando montre jan timoun yo anndan sosyete nou an vilnerab ak frajil. Ni mouvman popilè yo, ni fòs ajan piblik yo k ap aji san konsiderasyon pou yo, ap vyole dwa yo.

Komisyon an kwè reskonsablite Leta gran nan kondisyon sa yo. **Finalman, se li k dènye reskonsab la.** Lalwa sou manifestasyon yo – ki yon dwa sitwayen – dwe klè. Reskonsablite òganizatè yo dwe klè. Lapolis dwe anmezi pou kontwole foul moun san l pa depase mezi.

**Se devwa Leta a pou l asiste fanmi yo lè yon malè konsa frape yo. Epitou, Leta dwe pran pi bon mezi pou gen plis pwoteksyon pou timoun lè gen manifestasyon, sitou nan moman lekòl lage. Lalwa dwe fikse reskonsablite diferan aktè yo pi byen. Lalwa dwe pèmèt paran yo pote plent epi denonse reskonsab yo. Si sa pa kab fèt, se Leta ki dwe pran tout reskonsablite l.**

### Etid 3

#### Yon rapò MINISTA sou jistis popilè an Ayiti

Nan mwa janvye 2017, MINISTA fenk pibliye yon rapò sou jistis popilè nan peyi a ki rele : *Fè tèt ou jistis oswa rèy enpinite a*.<sup>3</sup> Se seksyon Dwa moun nan MINISTA ki prepare rapò sila a sou yon blese toulouvri k ap toumante sosyete a yo rele « jistis popilè », kote moun pran lajistis nan men yo pou fè tèt yo jistis ak « lenchaj ». Ki jan nou konprann enpòtans rapò a pou kolektivite nou an ?

*Ki jan MINISTA wè jistis popilè a ?*

Nan lane 2012 pou rive nan lane 2015, yon peryòd 4 lane, MINISTA rejistre **483** ka kote popilasyon an bay tèt li jistis. Nan ka sa a, **59** arestasyon te fèt, epi **yon sèl** moun jwenn kondanasyon l pou krim li te fè a, paske se sa jistis popilè a ye. Chif sa yo montre anpil ki jan jistis popilè pa sèlman se yon krim, men tou li pa jwenn repons kòm sa dwa nan Lajistis : se rèy enpinite a ki tabli.

*Difikilte pou idantifye jistis popilè*

Nan rapò l yo tou, Komisyon Jistis ak Lapè montre pakèt vyolans ak krim k ap fèt nan sosyete a. Li denonse enpinite ki genyen nan diferan ka sa yo. Komisyon an montre tou jistis popilè k ap fèt nan sosyete a. Nan mitan tout krim yo, li pa toujou fasil pou endike aklè ki sa k krim an jeneral, ki sa k jistis popilè, ki sa k egzekisyon dèyè do lalwa.

- Zam ki sèvi pou fè krim nan kapab yon endikatè. Souvan jistis popilè fèt ak zam blanch : manchèt, kouto, pik, wòch, el. Konsa zam nan se yon endikatè. Men moun kapab fè tèt yo jistis tou ak lòt zam tou tankou revòlvè.

Men kantite ka krim ak zam blanch Komisyon an rejistre :<sup>4</sup>

2012	2013	2014	2015	Total
152	217	76	84	529

- Temwayaj yo, oubyen nan yon ankèt kapab ede tou pou dekouvri yon zak jistis popilè. Nan menm ane yo, Komisyon an estime te gen plizyè lòt ka jistis popilè, kote zam nan pa t idantifye.

2012	2013	2014	2015	Total
113	65	35	23	236

<sup>3</sup> Nations Unis, Droits de l'homme, *Bay tèt yo jistis. Moun ap bay tèt yo jistis nan peyi Dayiti epi enpinite taye banda*, Janvye 2017.

<sup>4</sup> Respè pou Diyite ak Dwa moun nan Peyi d Ayiti, Kaye 6, 7-8 ak 9.

- Komisyon an kwè, ant lane 2012 ak 2015, yon epòk 4 lane, pou pi piti te genyen **765** ka jistis popilè nan peyi a.

Nan rapò pou lane 2013, yon lane kote krim ak zam blanch te wo anpil, Komisyon an ekri : « Gen moun nan popilasyon an ki fè krim ak zam blanch, san nou pa pale sou jistis popilè pou sa. Menm jan tou, jistis popilè konn fèt ak zam lejè oswa ak bal. » (p. 13) Apa zam blanch, popilasyon an konn sèvi tou ak pwazon, mwayen majik yo rele kout poud ak lòt, ak diferan mwayen ki mare ak kwayans moun pou pratike jistis popilè.

Eske lapolis pratike pwòp jistis li, san l pa pase nan tribinal ? Lè sa a, n ap pale sou egzekisyon somè oswa egzekisyon dèyè do lalwa ? Menm jan ak popilasyon an, lapolis kapab rive nan yon sitiyasyon kote li pa fè Lajistis konfyans, kote l pran devan sou vanjans, kote l pran jistis nan men l. Konbyen fwa nou pa tandè : lapolis arete moun, lajistis lage yo pou rezon ki pa klè. Egzekisyon somè toujou ta kapab yon metòd pou kreye laperèz nan popilasyon, epi pou kenbe bandi yo nan wòl yo. Komisyon an te poze kesyon sila a nan dénye rapò l (nimewo 59-60)<sup>5</sup>. Toude sitiyasyon sa yo grav anpil, epi yo gen anpil danje ladan l, paske lapolis se bwa dwat Lajistis ; wòl li se fè respekte lalwa. Sa pa kab fèt ak pratik ki pa fèt selon lalwa, men dèyè do l.

Nan menm rapò 2013 la, Komisyon an mare pratik la ak fason popilasyon an ap chèche jistis pou l reponn ak yon lenjistis yo te fè li, tankou vòlò, kidnapin ak lòt, pafwa tou gen mansanj ak regleman kont ladan l (p. 13).

Nan rapò li yo, Komisyon an atire atansyon sou yon seri ka kote moun mouri viktim paske lòt moun lonje dwèt sou yo kòm vòlò oswa kòm kidnapè. Detay sa yo nou jwenn yo nan rapò sou zòn metwopolitèn nan. Nou kwè ka sa yo antre nan kantite ka jistis popilè nou te bay la.

2012	2013	2014	2015	Total
33	78	19	41	171

*Ki konsekans jistis popilè genyen pou peyi a ?*

- An menm tan jistis popilè montre pa gen konfyans nan jan Lajistis fè travay li nan peyi a oubyen jan l pa pre moun yo, an menm tan jistis popilè fè sitiyasyon lajistis nan peyi a vin pi mal. Pa gen anpil arestasyon nan kad asasinay; pa gen anpil jijman nan kad asasinay.
- Konsta sa yo montre epi grandi reyalite enpinite nan peyi a, paske krim yo kontinye ap fèt.

<sup>5</sup> Komisyon Jistis ak Lapè, *Je Wè, Bouch fèt pou pale*, avril-sektanm 2016, n. 59-60.

- Kote lajistis pa fè travay li kòm sa dwa, kote sitwayen yo pa jwenn jistis yo gen dwa jwenn nan men Leta, se rèy enpinite a ki blayi, se Leta dedwa – Leta kote tout moun anba menm lalwa – ki sibi sa.
- Lè moun pran lajistis nan men yo, sitou kote moun ap sanksyone moun epi touye yo, respè pou lavi, pou entegrite kò ak pou diyite moun diminye. Se wòl Leta pou defann ak pwoteje diyite ak lavi moun, menm sa k malfektè. Tout sanksyon se nan kad yon jijman kòrèk ak ekitab yo dwe pran yo.

# **Analyse et commentaire du 61<sup>ème</sup> rapport**

## **Sur la violence à travers la zone métropolitaine**

### Les faits saillants du trimestre

Au cours du 4<sup>ème</sup> trimestre de l'année 2016 (octobre à décembre), la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a documenté 97 cas de victimes de violence dont 62 tuées par balle. Parmi les victimes, on a identifié 8 femmes et 7 enfants.

Les chiffres donneraient l'impression que l'insécurité est à la baisse, parce que les victimes se chiffrent autour d'un tué par balle par jour. Nous attirons l'attention que la Commission ne peut pas repérer toutes les victimes ; ensuite, le nombre de tués par balle n'est pas le seul critère à prendre en considération. Dans le rapport précédent, 59-60, la Commission s'est d'ailleurs posée la question sur les motifs qui expliquent pourquoi le sentiment d'insécurité ne diminue pas vraiment.

Plusieurs policiers, 8 en total, figurent parmi les victimes de la violence. Comment comprendre cette réalité ? Dans 8 autres cas, des rapports signalent que la police a fait des victimes, ou bien que les victimes sont tombées lors d'un affrontement avec la police.

Nous signalons toujours 4 cas, victimes par arme blanche ou coups de pierres.

Dans cette même période, nous signalons :

- La grève dans l'HUEH (Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti) et dans les autres hôpitaux publics de la zone métropolitaine a continué tout au long de ce trimestre. On ne saura jamais combien de personnes ont été victimes du manque de soin, ou bien parce qu'elles n'avaient pas les moyens pour payer un hôpital privé. Ce genre de grèves ou même un service d'urgence fait défaut dans les hôpitaux, crée une grave situation d'insécurité pour la population. L'Etat qui ne fait aucun effort pour résoudre les questions viole sérieusement les droits des personnes.
- Déjà au mois de décembre la presse et les observations constatent le grand nombre de maladies au Pénitencier national.<sup>6</sup> Au mois de décembre 2016, près de 250 détenus se trouvaient au dispensaire de l'institution, qui manque de médecins. Le grand nombre de décès, suite aux conditions inhumaines de la détention, n'est plus secret pour personne aujourd'hui.
- Même si le nombre d'accidents ne semble pas élevé, tout de même 20 personnes ont perdu leur vie dans des accidents de route. En même temps, plusieurs accidents graves se sont produits sur les routes nationales. Il faut répéter sans cesse que les conditions dans lesquelles des passagers voyagent dans le transport public ne respectent pas les droits des personnes.

---

<sup>6</sup> Voir *Le Nouvelliste* du 3-4 décembre 2016 écrit : « Pénitencier national : Les frais de fonctionnement bloqués depuis sept mois ».

- Au mois de janvier 2017, la Minustah vient de publier un rapport sur la justice populaire à travers le pays, depuis l'année 2012 jusqu'à la fin de 2015. Elle dénombre un total de 483 cas pour la période de 4 années.
- La PNH de son côté a enregistré 500 cas de viols (déclarés) au cours de l'année 2016. Un cas qui révolte la conscience de l'opinion publique est le cas d'un viol collectif qui a eu lieu à Pétion ville, et puis qui a fait la une sur les réseaux sociaux. Malheureusement la réalité des viols et des viols collectifs continue, pour ne pas dire augmente dans la société.

## **Pour la réflexion**

Nous proposons d'étudier deux assassinats en détail. De façon particulière nous étudierons les responsabilités. Défendre les droits humains oblige de soulever la question des responsabilités, surtout la responsabilité des autorités publiques qui ont comme mission de protéger les biens et la vie de chacun.

### **Premier Cas**

#### **L'assassinat du policier Rigaud CLAUDE CLERMOND, âgé de 24 ans**

##### *Les faits*

Le dimanche 11 décembre 2016, des bandits opérant à Juvénat, banlieue de Canapé Vert, ont pénétré la résidence du jeune policier Rigaud CLAUDE CLERMOND, âgé de 24 ans, cantonné au commissariat de Pétion ville depuis plusieurs mois, et l'ont sauvagement assassiné à la machette aux yeux de ses parents. Cet acte horrible perpétré par ces bandits serait une réaction de leur part, pour le fait que l'un des leurs, dénommé Jean Hilaire LADOUCEUR, alias Lèlè, aurait été arrêté par la police de Pétion ville et on avait indexé la victime pour avoir collaboré à l'arrestation.

Certaines personnes ont lancé des accusations contre le maire de Pétion ville, monsieur Dominique St-ROC qui serait selon leur dire intervenu pour faire libérer le nommé Jean Hilaire LADOUCEUR. Le père de la victime a fait des déclarations accablantes à la radio non seulement pour dénoncer le pouvoir des gangs qui opèrent en toute quiétude mais aussi pour indexer certaines autorités, dont le maire de Pétion ville, qui serait de mèche avec ces malfrats.

##### *L'analyse du cas*

Les points suivants attirent l'attention :

1. Le haut niveau de vulnérabilité des policiers dans le cadre de leur travail ;
3. L'interférence de certaines autorités politiques pour libérer des bandits en prison ;
4. Les conséquences face au traitement des gangs par la politique.

### *La vulnérabilité des policiers dans le cadre de leur travail*

Les policiers pour la plus part sont confrontés à de grave difficulté dans l'exercice de leur fonction, ils n'ont pas un encadrement adéquat leur permettant de travailler avec quiétude d'esprit. Souvent, ils sont victime d'attaques armées venant des gangs qui opèrent en puissance dans les périphéries de la zone métropolitaine ; ils sont victimes en revenant de leur poste ou dans opérations où les confrontations se révèlent compliquées. La situation sociale des agents de police est aussi un facteur qui les rend vulnérables, quand, après le travail, le policier ne dispose pas d'un moyen convenable pour se déplacer ; il attend un tap tap et souvent, il se fait cibler. A titre d'exemple.

*Le samedi 10 décembre 2016, à Tabarre 49, des individus armés ont contraint le chauffeur d'un tap tap de s'arrêter ; avec précision et sans hésitation ils se dirigent vers un passager, un agent de police, qu'ils ont abattu froidement de plusieurs balles. Cet exemple laisse voir le niveau de danger encouru par les agents de police.*

Les interventions policières dans différents endroits de la zone métropolitaine particulièrement dans les bidonvilles sont difficiles. Les modes d'intervention se révèlent parfois inefficaces, car le système des informateurs utilisé pour collecter des renseignements est dommageable pour la sécurité des policiers, car ces informateurs jouent une double fonction qui les lie dans leurs relations au mouvement des gangsters, ce qui entraîne automatiquement une grande décadence dans le système d'organisation au sein de l'institution policière. Affronter les gangs dans les bidonvilles est périlleux pour n'avoir pas préalablement garanti de plan d'urbanisation entraînant des voies de pénétration sécurisant les citoyens.

L'assassinat du policier Rigaud CLAUDE CLERMOND reste un cas type de la mouvance des bandits dans les bidon villes contrôlés totalement et par ces derniers. *Comment peut-on croire alors qu'un agent de police pourrait y habiter sans être cible ?*

La vulnérabilité des policiers dans l'état actuel où évolue la zone métropolitaine ne peut être résolue sans une remise en question générale du fonctionnement de l'Etat.

### *Certaines autorités politiques font libérer des bandits en détention*

Il est de notoriété publique que des personnes arrêtées par la police et écrouées aux ordres de la Justice pour des faits répréhensibles, sont relâchées de la prison sans aucune forme de procès après intervention de certaines autorités politiques. Ces pratiques caractérisent clairement l'immoralité politique de bon nombre de nos hommes politiques qui constituent un danger pour la société.

Le maire de Pétion-Ville a été indexé par plus d'un en ce sens, comme quoi il serait intervenu pour faire libérer le nommé Jean Hilaire LADOUCEUR, alias Lèlè, un chef de gang reconnu. Sa libération a conduit à une revanche sanglante par son gang en tuant le policier qui aurait participé à son arrestation.

### *Les conséquences face au traitement politique des gangs*

On assiste dans le pays à un affaiblissement considérable des institutions républicaines particulièrement de la Justice. Le climat de l'impunité qui s'installe solidement à travers le pays est la conséquence de la mauvaise gouvernance par toute une série de régimes qui ne cherchaient qu'à assurer leur pouvoir. **La mouvance des gangs constituent une menace grave pour la liberté**

**des citoyens et une atteinte véritable aux droits et à la dignité de la personne humaine dans le pays plus spécialement dans la zone métropolitaine qui connaît un taux d'homicides important.**

## **Deuxième cas**

**La mort du petit Durando ALEXANDRE, âgé de 13 ans, blessé par balle, piétiné mortellement par une foule lors de l'intervention de la police pour disperser une manifestation de l'opposition sur la route de Delmas**

### *Les faits*

Le mercredi 30 novembre 2016 dans la journée, une manifestation empruntait l'autoroute de Delmas pour contester le processus électoral. Arrivé au carrefour de Delmas 44, la police décide de disperser la manifestation avec de gros moyens comme le gaz lacrymogène.<sup>7</sup> On entend des coups de feu, sans personne ne sait identifier leur origine, ni l'auteur. La police seule est autorisée de porter des armes.

A ce moment, le petit Durando ALEXANDRE, vers 3 :00 PM, traverse le carrefour sur le chemin de retour de l'école d'Altagrâce sur la route de Delmas. Qu'est ce qui est arrivé ? Serait-il tombé suite à la bousculade et blessé par une balle en après ? Sa maman le retrouve quelque temps en après dans une impasse près du carrefour. On cherche le chemin de l'hôpital.

### *Un hôpital en grève*

